



YON DÒZ LAVERITE: TOUT MIT KI ANTOURE VAKSEN COVID-19 LA



KI SA REZIDAN KOMIN ORANJ YO DWE KONNEN

A mezi ke dòz [vaksen COVID-19](#) yo komanse vini pi disponib, yo pote yon pwomès soulajman mondyal ak pandemi an. Malerezman, gen anpil move enfòmasyon sou vaksen an ak devlopman li.

Men kèk mit ak fè reyèl sou vaksen an:

MIT: Vaksen COVID-19 lan pa bay garanti sekirite paske li te devlope twò vit

FÈ: Malgre ke l te devlope nan yon tan rekò, vaksen an te swiv pwosesis rijid FDA yo pou l ka satisfè estanda sekirite yo. Yo pat sote okenn etap ni tou yo pat pran okenn chimen kwochi, epi vaksen an pwouve ke li san danje epi li efikas.

MIT: Mwen te deja genyen COVID-19, donk, mwen pa bezwen vaksen an.

FÈ: Si ou te deja enfekte ak COVID-19 la, ou ta dwe toujou pran vaksen an; ou sèlman bezwen retade sa a. Evidans nou genyen kounye a sijere ke iminite aprè w te enfekte ak COVID-19 lan dire omwen 90 jou. Pou rezon sa a, CDC sijere ke ou ranwaye pran vaksen an jiskaske peryòd iminite natirèl ou an fini.

MIT: Mwen pa bezwen mete yon mask osinon respekte distans sosyal aprè mwen fini resevwa vaksen an.

FÈ: Ekspè yo avèti ke jiskaske syantis yo definitivman di ke vaksen an anpeche w gaye COVID bay lot moun, ou toujou bezwen mete mask, respekte distans sosyal yo ak lòt moun, lave men ou souvan epi sèvi ak lòt bon estrateji prevansyon. Nou dwe kontinye tout mezi sekirite aktyèl yo pou nou ka redwi pwopagasyon l jiskaske nou rive nan yon nivo iminite nan kominote yo kote viris la pa jwenn plas pou li gaye.

MIT: Vaksen pa pwoteje kont nouvo Souch viris la ki ka gaye byen vit la.

FÈ: Rechèch yo montre ke pwoteyin ki nan nouvo souch viris yo a, 99.99 pousan menm jan ak vèsyon orijinal la, sa vle di ke genyen bon chans ke vaksen an travay kont yo tout. Evidans tou nèf endike ke vaksen an pwoteje kont nouvo souch viris yo.

MIT: Mwen pa bezwen pran vaksen an akòz avanse ki fèt nan swen medical yo - tankou terapi plasma ak lòt trètman yo - te pwogrese, e COVID-19 ka trete byen fasil.

FÈ: Byen ke ekspè medikal yo vini konnen plis de COVID-19 e genyen anpil avanse ki realize nan trètman yo, ou toujou bezwen pran vaksen an, ki se fason ki pi sekirize pou anpeche moun pran viris la. Benefis ki genyen nan nouvo terapi yo pa tròp anpil, konsa, vaksen an, an reyalye se pi bon estrateji a.





MIT: Etandone ke vaksen yo disponib kounye a, pandemi an pral fini avan lontan

FÈ: Daprè Depatman Sante Eta Florida nan Komin Oranj, nan lide pou ta reyalize “rezistans kont viris la”— sa vle di pou maladi a pa gen chans pou gaye — 78 pousan nan popilasyon nan Komin Oranj la ap bezwen vaksinen. Anfèt, li ka plis pase 78 pousan si nou jwenn varyant ki pi pwisan nan viris la. Akoz kantite rezidan ki toujou bezwen pran vaksen an, sa ap pran plis tan pou ka rive nan nivo 78 pousan.

MIT: Map vini pozitif pou COVID-19 depi m fini resevwa vaksen an.

FÈ: Ou pa ka pran COVID-19 nan vaksen an paske vaksen an pa gen okenn viris kowona ladan. Vaksen an ajè tankou yon estimilan nan kò w pou pwodwi iminite. Sa pèmèt kò ou idantifye eleman etranje yo (viris la) epi li fè antikò pou goumen kont viris la. Se poutèt sa, vaksen an travay paske li prepare sistèm iminitè ou pou rekonèt ak konbat yon maladi, men li pa lakòz okenn enfeksyon.

MIT: Vaksen COVID-19 la pwovoke efè segondè trè grav.

FÈ: Tankou tout vaksen, ou ka genyen efè segondè trè grav, men sa yo pa rive souvan. Efè segondè ki rapòte plis yo sanble ak sa ke yo eksperimente ak lòt vaksen yo e yo enkli doulè kote ou pran piki a, fatig ak doulè nan kò. Lè ou Eksperimente efè segonde sa yo sa vle di ke sistèm iminitè ou reyaji ak vaksen an epi li kreye antikò kont COVID-19. Founisè Vaksen yo obsève moun ki gen yon istwa alèji pou 30 minit e 15 minit pou tout lòt moun aprè yo fin resevwa vaksen an.

MIT: Vaksen an twò nèt, e mwen pa konfòtab pou okenn moun nan fanmi mwen ki pran li.

FÈ: Vaksen yo te byen teste epi yo san danje. Rezidan yo ta dwe mande enfòmasyon serye ak kredib ki sòti nan CDC. Fè atansyon ak fo e potansyèlman move enfòmasyon ou ka jwenn sou entènèt oswa nan radyo bouch. Jwenn bon jan enfòmasyon ki sòti nan sous serye e pran desizyon saj, ki baze sou lasyans pou tèt ou.

MIT: Kantite moun ki sòti vivan anba COVID-19 la vrèman wo ; se poutèt sa, mwen pa bezwen vaksen an.

FÈ: Se vrè ke viris la touye yon pousantaj trè wo nan popilasyon ki pi vilnerab nou yo (tankou, granmoun aje yo ak moun ki gen lòt pwoblèm sante), si ou pa pran vaksen an, ou ka toujou transmèt viris la bay yon moun ki li menm ka seryezman afekte oswa mouri anba viris la. Viris la touye jèn moun ki an sante tou ak timoun. Nan moman sa, nou toujou pa konprann ki pwoblèm sante a lon tèm ke COVID-19 ka koze a nenpòt moun ki te gen maladi a.

www.ocfl.net/VaccineMyths

